LIBRARIES FIT DEY FRONT MAKE UN 2030 AGENDA FOR BETA WELL WELL

IFLA

Na the only people for the whole world wey go talk beta talk for the people wey dey work for library and information centres (www.ifla.org).
The International Federation of Library Associations and Institutions (IFLA) na the international people wey dey do the tins wey library and information centres and the people wey dey use dem like.

UNITED NATIONS SUSTAINABLE DEVELOPMENT GOALS

STOP POVERTY KPATA KPATA FOR EVRYWHERE

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Dem go give people chance to sabi wetin go make dem life beta.
- Dem go train people to sabi book and sabi work.
- Libraries go fit helep govment, those wen no dey work for govment and even businessman reduce poverty.

HUNGER GO FINISH KPATA KPATA, FOOD GO DEY YANFU YANFU, PEOPLE GO DEY CHOP BETA FOOD AND OUR FARM GO DEY DO WELL

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Dem fit tell us how we go sabi plant beta food so tey e go con surplus yanfu yanfu.
- Dem fit show farmers how dem go check computer to know the different amount wen dem go sell the crops wen dem gather from farm, to know how the weather go be wen e go helep wetin dem plant to do well, and to know the new machine wen oyinbo don do come out wen e go helep dem for dem farm work.

TO MAKE SURE SAY EVRY PERSON BODY WELL AND STRONG KAKARANKA, NO MATA HOW OLD DEM BE

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Medical and hospital libraries fit give information wen go helep people wen dey work there look after those wen no well.
- Libraries go fit show people how dem go get information wen go helep dem and dem family keep dem body well and strong.

TO MAKE SURE SAY EVRYBODY, WHETHER NA BOY OR GIRL, GO BETA SCHOOL AND EVRYBODY FIT GET THE INFORMATION WEN DEM WANT TO MAKE DEM BETA FOR LIFE

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Using library worker wen dey do im work well well to help children, old people and evrybody put eye for book matter wen go helep dem throughout their life.
- Dem go helep people wen dey go sukul get all the tin wen dem wan know.
- Dem go give free space to every kain person wen no cost dem any moni to come learn anytin wen dem want, whether na book or na handwork.

TO MAKE SURE SAY WHETHER MAN OR WOMAN, DEM GO GET THE SAME OPPORTUNITY TO GET WETIN DEM LIKE

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Libraries go fit make space wen man and woman fit meet wey wahala no go dey.
- Dem fit do sometin wen dem go talk only woman mata, like how dem no go fit cheat dem for any mata and how dem go do wetin go make their body well.
- Dem go fit reach any mata wen e go make dem know about computer or anytin wen e go make dem business beta.

TO MAKE SURE SAY ECONOMY GO CONTINUE TO DEY BETA, SO DAT EVRYBODY GO FIT GET BETA WORK

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Libraries go fit show people and fit train dem for anytin wen dem need to find beta work and to do the work well well

TO MAKE SURE SAY EVRYBODY GET WATER WEY CLEAN AND EVRYWHERE WEN DEM DEY STAY CLEAN

DEM GO MAKE SURE SAY EVRYBODY GO FIT GET CHEAP LIGHT WEN GO DEY ALL THE TIME AND E NO GO FALL THEIR HAND AT ALL AT ALL

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Libraries go fit make people know the difrent kain beta tin wey dem go dey use make water clean and how dem go make sure sey the place wen dem dey stay clean too.
- Dem fit make sure say people get free light wen no go fall their hand and wen evrybody go fit take read book and to take work

TO MAKE SURE SAY WE BUILD BETA WORK PLACE AND WORK TINS WEY GO HELEP PEOPLE DEY TINK HOW TO DO NEW TINS WEY BETA PASS LIKE BEFORE

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Dem get beta libraries wey anybody or people wey dey do research fit go look for anytin wey dem wan do. The Libraries also get beta workers wey fit helep anybody find anytin wen dem dey find.
- Dem get fine space wey anybody fit come use.
- Dem dey give beta computer with beta Internet wey people fit no see use for any other place.

TO MAKE TOWN AND EVRYWHERE WEN PEOPLE DE STAY DEY SAFE, STRONG KAKARANKA AND NO GO GET ANY WAHALA

Na like dis libraries go take helep dis mata…

- Libraries be place wey dey helep people understand and respect other people native culture.
- Also, dem dey helep write and keep all these native things well well, so that even d pikin wen dem never born yet go still fit come see dem tomorrow.

TO MAKE SURE SAY PEACE DEY EVRYWHERE, NO WURUWURU, NO MAGOMAGO AND EVRYTIN DEY KAMKPE

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Dem dey give people space to look for any tory wey govment tory or any tory about govment and any other kain place.
- Dem dey teach people well well so dat dem go fit know how to use the tory do as dem want.
- Libraries dey give space to all kain people to sidon talk any mata, but dem no dey join mouth for anybody mata.

TO MAKE SURE SAY PEOPLE GO FIT JOIN HAND TO SEE SAY ALL DIS MATA WEN DEM DEY TALK ABOUT GO GET HEAD

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Dem dey join difrent difrent people from difrent countries around the world so dat evrybody go join hand together for all dis mata make our tomorrow beta.

DEM GO TREAT EVRYBODY AND EVRY COUNTRY THE SAME WAY

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Dem dey give evrybody chance to come use the space, whether dem sabi book or not, whether dem come from that town or not, whether na poor man or na big man, whether na person wey im body complete or not
- Dem dey give chance to anybody wen wan use d place get any kain information, whether na for politics, for money or any other mata

TO USE SENSE DO ANYTIN WEY WE DEY DO SO DAT E GO GOOD TO USE DEM

TO MAKE SAY WE DO SOMETHING QUICK QUICK SO DAT EVEN IF WEATHER DEY CHANGE, NOTIN SPOIL

TO MAKE SURE SAY DEM MAINTAIN AS DEM DEY USE WATER FOR OCEAN AND SEA AND EVRYTIN WEY DEY STAY INSIDE SO DAT DEM GO STAY TAY AS DEM SUPPOSE BE

DEM GO MAKE SURE SAY DEM GO PROTECT AND TAKE CARE OF WHERE PEOPLE DEY STAY. DEM GO LOOK AFTER THE BUSH AND THE TREE TO MAKE SURE SAY PEOPLE STOP TO DEY CUT DOWN TREE, INSTEAD, DEM GO DEY PLANT TREES. IN SHORT, DEM GO STOP TO DEY TREAT OUR LAND BAD

Na like dis libraries fit take helep dis mata…

- Dem go make sure say evrybody understand how to get wetin dem want.
- Libraries dey keep all the olden day paper wey show how weather dey change and how people don dey use land mata.
- Libraries dey helep keep all the paper where dem write anytin about the weather as e dey change, so that people go fit use am take make law about the weather.
- Libraries dey helep dis mata because dem dey give people olden day paper wey dem write all dis mata put wey be say dem fit use the information advice both local govment and national govment to decide as people go take dey go hunt for bush, kill fish for river, as dem go take dey handle land, use land and also as dem go take dey use waterawon oro ti o je mo ode sise, eja pipa,ilo ile ati isakoso omi.

For more information, see: www.ifla.org/libraries-development